ISSN: 2181-3906 2025
International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 6 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# KÁSIBIM MENEN TANÍLDÍM

**Xojabaeva Mavlyuda Salamat qızı**
Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasıNókis filialı “Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánleri” kafedrası Muzıkatanıw bólimi 3-kurs studenti
**Kamalova Gúlmaryam**
Ilimiy basshı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.15705204

***Annotaciya.*** *Bul maqalada tanıqlı muzıka iyesi, qosıq hám xalıq saz ásbaplarınıń xalqımız arasında jańrawında, óz úlesin qosıp kiyatırǵan Maqset Doshbaev haqqında maǵluwmat beriledi. Ol xalqımız arasında keńnen tanılǵan qosıqlardıń keleshek áwlad ushın jetip keliwinde hám ádiwli ustaz, melodist kompozitor, bolıp el súygen insanlardıń biri bolıp esaplaadı.*

***Tayanısh sózler:*** *Mektep, muzıka, rayon, kórik tańlawlar, oqıwshılar, Estrada-vokal, shágirt, muǵallim.*

# Я ИЗВЕСТНА В СВОЕЙ ПРОФЕССИИ

***Аннотация.*** *В статье рассказывается о Максете Дошбаеве, известном музыканте, который внес свой вклад в популяризацию народных музыкальных инструментов среди нашего народа. Он стал одним из самых известных в нашей стране мастеров, композиторов, мелодистов.*

***Ключевые слова:*** *Школа, музыка, районы, конкурсы, ученики, естрада-вокал, учительница, ученик.*

# I RECOGNIZED MY PROFESSION

***Annotation.*** *This article provides information about the famous musician Makset Doshbayev, who contributed to the popularity of folk music instruments among our people. He was a master of music, a melodist, a composer, and one of the most beloved personalities of the country.*

***Keywords:*** *School, music, district, preview of the selection, readers, vocal on stage, the Student, teacher*



Qaraqalpaqstan respublikasına xızmet kórsetken artist, Qaraqalpaqstan kompozitorlar awqamınıń aǵzası Maqset Doshbaev Xalbay ulı 1959-jılı 6-may kúni Nókis qalasında xizmetker shańaraǵında tuwıladı. Ákesi Xalbay Doshbaev (1926-2001) jıllar aralıǵında Xojeli rayonında jasap Qaraqalpaqstan respublikası avtotransport tarawlarında joqarı lawazımlarda pidakarana jumıs islegen. Anası Shaxodash Aminova (1930-1961) jılı Tórtkúl rayonında dúnyaǵa kelgen. Ómir boyı den sawlıǵına baylanıslı, hesh jerde jumıs islemegen.



Qaraqalpaq eliniń toy hám bayram keshelerinde tanıqlı qosıqlardın biri bolǵań "Jeńgejan" qosıǵınıń bizge shekem jetip keliwinde M.Doshbaev ornı júdá úlken. Bul insanıń ómir jolına keletin bolsaq ol 1965-jılı orta arnawlı mektepke barǵan. «Bolar bala bes jasınan belgili degenindey» muzıkaǵa hám saz ásbaplarǵa jaslayınan qızıǵıp muzıka mektebine «rubap» qániygeligine Qurbanbay Nametullaev klasına baradı. Bul dárgayda rubap sirların qızıǵıp úyrenip bir qansha bayram kesheleri, kórik tańlawlarǵa qatnasadı. Bilimin elede asırıw ushın 1973-1977-jılı Japaq Shamuratov atındaǵı kórkem óner bilim jurtına oqıwǵa kiredi. Bul jerde tanıqlı, kóp ǵana shágirtlerdın biri bolǵan ustazlar R.Tareeva, M.Kamalov, N.Muxammeddinov, K.Asqarov, D.Jańabaeva, B.Nadirov, I.Xojametov, K. Ótegenov sıyaqlı ullı insanlardan tálim aladı.



Bul dárgayda tek bir taraw boyınsha emes «estrada vokal» qániygeliginde de tálim alǵan.

Talantlı oqıwshılardıń biri bolıp ózinen kishkene oqıwshı jaslarǵada bilgen bilimlerin úyrete baslaǵan. Sol qatarda oqıp júrip Ótemuratov Ayımxan menen tanısadı. Sol waqıtta M.Doshbaev 4-kurs hám A.Ótemuratova 1-kursta oqıp júrgen waqtında tanısadı. Hám oqıwın tabıslı tamamlap shańaraq qurıp 3 ul 2 qız ata anası boladı.

Perzentleri: Doshbaev Berdaq (1980) «Dáp qaniygeliginde» oqıǵan házirde isbilermen, Doshbaev Uzaqbergen (1983) «Ózbekstan mámleketlik filarmoniyası filalında» muzıka tarawında jumıs islep atır, Doshbaeva Gúlnara (1985) házirde isbilermen, Doshbaev Qudaybergen (1987) házirde isbilermen, Doshbaeva Dilbar (1989) házirde Keyin ala óz bilimin jetilistiriw maqsetinde Berdaq atındaǵı QMU ǵa "geografiya" fakultetine sırtqı tálim jónelisinde oqıydı. Jánede Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámletlik pedagogika instutında "Muzikalıq tálim" bólimin tamamlaydı.

1975-95-jıllarda Qaraqalpaqstan teleradio komponiyası qasındaǵı xalıq sazları orkestrinde joqarı kotegoriyalı sázende hám jeke qosıq atqarıwshı bolıp jumıs isleydi. 1988-90-jıllarda qosıqshı hám sázendeshilik menen bir qatarda joqarı keńestiń (raxbariyatıń) tapsırması boyınsha qosıq vokal ustazı (pedagog) lawazımı júkletiledi. Ol bul qániygelikti jaqsı alıp barıp kóplegen atqarıwshılarǵa qosıqshılıq sırların úyretedi.

ISSN: 2181-3906 2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 6 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

M.Doshbaev Qaraqalpaqstan radiosındaǵı "Altın fond" ına qosıqshılar hám atqarıwshılardı jazdırıp radio esitiriwdıń rawajlanıwına óz úlesin qosqan. Olar atqarǵan qosıqlar; «Pashshayı kóylegiń», «Jeńgejan» xalıq qosıǵı M.Doshbaev naması, «Tek, súyemen sen janandı» A.Xalimov naması, T.Seytjanov sózi, «Ómirimnıń quyashı bol..» Ǵ.Seytnazarov sózi R.Sultanov naması, «Laylim» Q.Dosanov sózi R.Sultanov naması, « Sen maǵan súyemen dep ediń» X.Dawletnazarov sózi, Q.Tólegenov naması, «Ketpe menıń qasımnan» J.Izbasqanov sózi, M.Doshbaev naması, «Shaydaxan» J.Aymurzaev sózi, D.Jańabaeva naması, « Umıtpa gózzal» Q.Hilalov sózi, A.Sultanov naması h.t.b.

1994-jılı 8-sentyabrde Ózbekstan respublikası «Ekosan» qorı Qaraqalpaqstan bóliminıń qollap quwatlawı menen tikkeley M.Doshbaev baslamsı menen respublikamızda qosıqshı atqarıwshılar arasında birinshi márte paytaxtımızdaǵı teatrda bolıp ótken eki saatlıq qayır saqwatlıq koncertinde bolıp ótedi. Házirgi kúnge kelip kompozitor sıpatında 50 den aslam namaları bar. Mısalı; «Qaraqalpaqstanım» X.Ubiniyazov sózi, «Senlikten janım» N.Tóreshova sózi, «Shıraylı qız» A.Tajimuratov sózi, «Bolmasa» Maqtumqulı sózi, « Jeńgejan» Xalıq sózi, «Báhar hám sen» X.Dawletnazarov sózi h.t.b. Bul nama qosıqları ataqlı saxna sheberleri G.Sırımbetova, G.Doshumova, X.Allayarov, B.Karimova M.Matekobalar atqarıp óz repertuarlarınan orın alǵan. M.Doshbaev házirde Nókis qániygelestirilgen mádeniyat mektebinde ádiwli ustaz bolıp jumıs islep atır. Keleshek áwladqa óz bilimlerin beriwde sharshamawın, talmawın hám qaraqalpaq xalıq qosıqlarının jańray briwinde, hám aldıdaǵı jumıslarını tasqın tabıslar tilep qalamız.



**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Kamalova G. JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ "POPURRI" SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 4. – С. 52-57.
2. Kamalova. G. &Xojabaeva. M. (2025). ShARAPADDIN PAXRATDINOVDÓRETIWSHILGINDE "GÚLDÁSTE" QOSÍǴÍ ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ|Выпуск журнала №-61|Часть-2
3. Kamalova G. Xojabaeva Mavlyuda Salamat qızı KÁSIBIMNEN KAMAL TAPTÍM

4. 2025 ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ| Выпуск журнала
5. Kamalova, G., & Dauletbaeva, G. (2024). DUWTAR SAZ ÁSBABÍN ZAMANAGÓYLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI. Вестник музыки и искусства, 1(4), 89–94. извлечено от https://science.uzdknf.uz/index.php/science/article/view/231
6. Kamalova G. QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D. Djańabaeva dóretiwshilik jolı) //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2.